# PSIXOLOGIYALIQ MÁSLAHAT PSIXOLOGIYANIŃ ARNAWLI MASHQALASI SIPATINDA

**Aldjanova Guljahan Amangeldievna**
docent Pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktori, PhD. Berdaq atındaģı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti.
**Nızamova Matlyuba**
A`meliy psixologiya qániygeliginin` 4-kurs talabası. Berdaq atındaģı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15478829

***Annotaciya***. *Psixologiyalıq másláhát degen ne, ol qanday, shólkemlestiriliwi hám alıp barılıwı haqqındaģı tiykarģı, keń kólemli hám túsinikli bayanlanģan maģlıwmatlar haqqında túsinik berilgen.*

***Gilt sózler***: *Psixologiyalıq korrekciya, psixodiagnostika, psixologiyalıq másláhát páni, psixologiyalıq másláhát boyinsha oqiw qollanba.*

# PSYCHOLOGICAL COUNSELING AS A SPECIAL PROBLEM OF PSYCHOLOGY

***Abstract.*** *An understanding of the basic, comprehensive and understandable information about what psychological counseling is, how it is organized and conducted is provided.*

***Keywords:*** *Psychological correction, psychodiagnostics, psychological counseling science, psychological counseling textbook.*

# ПСИХОЛОГИЧЕСКОЕ КОНСУЛЬТИРОВАНИЕ КАК СПЕЦИАЛЬНАЯ ПРОБЛЕМА ПСИХОЛОГИИ

***Аннотация.*** *Дает понимание базовой, всеобъемлющей и четко изложенной информации о том, что такое психологическое консультирование, как оно организовано и как проводится.*

***Ключевые слова:*** *Психологическая коррекция, психодиагностика, психологическое консультирование, учебник по психологическому консультированию.*

Psixologiyalıq másláhát - bul psixolog kásiplik qánigelik iskerliginde salıstırmalı jańa taraw esaplanıp, elimizdiń ilim rawajlanıwında psixologiyaga tiyisli ilimiy-izertlew jumısları psixologiya pánin oqıtıw, psixologiyalıq korrekciya hám psixodiagnostika sıyaqlı dástúriy ámeliy is formaları menen bir qatarda óz betinshe jumıs tarawı sıpatında jaqında ajıralıp shıqtı.

Zamanagóy psixologiyada insannıń ruwxiy halatın analiz etiw hám ogan járdem kórsetiw usılları túrli jantasıwlar arqalı rawajlanıp barmaqta. Olardan biri - psixologiyalıq másláhát.

Psixologiyalıq másláhát - bul psixolog tárepinen shaxstıń mashqalalı turmıslıq jaģdayların ańlawına, jeke qararlar qabıl etiwine hám beyimlesiwin asırıwga járdem beriwshi sociallıq-psixologiyalıq járdemniń túri. Bul baģdar psixologiyanıń ámeliy tarawı bolıp, ózine tán teoriyalıq hám metodologiyalıq mashqalalarģa iye. Psixolog másláhátiniń mazmuni hám tiykarģı ideyaları. G.S. Abramovanıń atap ótiwinshe, psixologiyalıq másláhát - bul shaxsqa ruwxiy teńsalmaqlılıqtı tiklew, stress hám ishki qarama-qarsılıqlardan shıģıp ketiwde járdem beriwshi ámeliy is-háreket esaplanadı. Másláhátlesiw procesinde mashqala emes, al insan - onıń tájiriybeleri, sezimleri hám qararları orayda boladı. Bul jaģınan psixologiyalıq keńes beriwdi ápiwayı keńes beriw yamasa oqıtıwshılıq xızmetinen ajıratıp turadı.

N. Bekmurodovanıń pikirinshe, psixologlıq másláhát beriw procesinde psixologtan tereń tallaw, empatiya, tıńlay alıw, neytrallıq, etikalıq principlerge qatań ámel etiw talap etiledi.

Psixologiyalıq keńes shaxstıń óz ishki resursların aktivlestiriw, óz ómirin basqarıwdağı aktivligin asırıwga xızmet yetedi. **Psixolog másláhátiniń basqıshları:** Psixologiyalıq keńes tómendegi tiykargı basqıshlardan ibarat boladı:

1.Baylanıs ornatıw (raport): Psixolog hám klient arasında isenimli, ashıq baylanıstı jolga qoyıw.

2.Mashqala anıqlaw: Klient tárepinen bildirilgen hám jasırın mashqalalardı anıqlaw.

3.Analiz: Shaxstıń psixologiyalıq ózgesheliklerin anıqlaw, test hám sóylesiw metodlarınan paydalanıw.

4.Sheshim islep shiǵiw: Sáykes psixologiyalıq qatnaslar tiykarında máslahát beriw.

5.Nátiyjeni bahalaw: Keńestiń nátiyjesin talqılaw, zárúr bolsa, qosımsha járdem usınıs etiw. D. Xolmatovanıń "Ámeliy psixologiya tiykarları" kitabında keltiriliwinshe, psixologiyalıq keńes beriwdiń qısqa múddetli hám uzaq múddetli formaları bar. Hár bir jaǵdayǵa qaray individual qatnas zárúr boladı. Psixologiyalıq jantasıwlar hám metodlar. K.Rodjers tárepinen islep shıǵılǵan "Shaxsqa baǵdarlanǵan qatnas" psixologiyalıq keńes beriwde keń qollanıladi. Bul qatnasta psixolog klienttiń ishki dúnyasın empatikalıq túsiniw, oǵan shártsiz unamlı múnásibet bildiriw hám psixologiyalıq qáwipsizlik jaratıw arqalı járdem beredi. Rogers boyınsha, insan óz ómiri ushın ózi juwapker hám psixolog tek jol kórsetedi. G.Korınıń "Psixoterapiya hám keńes beriw teoriyaları" shıǵarmasında bolsa keńes beriw procesinde qollanılatuǵın hár qıylı jaqınlasıwlar - psixoanalitik, kognitiv, racional-emotiv, integrativ jaqınlasıwlar kórsetilgen.

Hárbir metod ózine tán teoriyalıq tiykar hám ámeliy kórsetpelerge iye.

Psixologlıq máslahattiń áhmiyetli mashqalaları: Psixologiyalıq keńes psixologiyanıń arnawlı mashqalası sıpatında tómendegi tárepleri menen ajıralıp turadı:

1. Keńes beriw hám psixoterapiya shegaralarınıń anıq emesligi;
2. Jeke turmıs sırın támiyinlew, etikalıq normalarǵa ámel etiw máseleleri;
3. Milliy, diniy hám mádeniy kontekstte máslahát beriwdiń qıyınshılıqları;

Shaxstin máslahátke bolgan tayarlıǵı, motivaciyası hám isenimi. V. Boykonıń pikirinshe, psixologiyalıq járdem beriwde universal metod joq hár bir klient individual jaqınlasıwdı talap etedi. Keńes beriw procesi júdá quramalı bolıp, bul payıtta eki tárep te máslaháchi hám onı alıwshı belgili bir atmosferaǵa túsedi. Psixologtan klienttiń dártin, mashqalasın hám ishki keshirmelerin barı menen túsiniw hám qabıl etiwde úlken sabır, kúshli bilim talap etiledi. Bunıń ushın psixolog ta ózin sáwbetke fizikalıq hám ruwxıy tayarlawı kerek. Negativ energiyanı ózine qabıl etip, onıń tásirine túsip qalmawı kerek. Eger psixolog-keńesgóy haq bolsa, onda keńesgóy oni isendiriwde dawam etiwi hám tek ǵana psixologtiń háreketlerine jeńilmes qarsılıq kórsetken jaǵdayda ǵana toqtatıw kerek boladi. Sonnan keyin máslaháchi klient ózi qalay durıs dep esaplasa, usınday háreket etiwge imkaniyat beriwi kerek. Klientke isenim bul insanıylıq ideyasına tiykarlanǵan bolıp, psixologiyalıq máslahátlesiwde tiykarǵı esaplanadı. Máslahatshiniǹ klientke isenimi eger klientti túsiniwine hám mashqalanı sheshiw usılın onıń menen birge tabıwǵa járdem berilse, óz mashqalasın klient óz betinshe sheshe alıwına isenimin názerde tutadi. Isenim psixolog-máslaháchiniń klient pikirine qosılıwı, eger álbette klient haq bolsa, óz pikirinen bas tartıp, oniń pikirin qabil etiwin de anlatadi.

Hár bir klientke óz aldına waqıt belgilep, klienttiń emociyası hám háreketin baqlawı, sózlerin diqqat penen tıńlawı hám solardan kelip shıqqan halda oǵan tuwrı jol-joba kórsete alıwı bul psixologtıń tájiriybesi hám ámeliyatta alǵan biliwlerinde sáwlelenedi. Hár bir Psixolog keńes beriw waqtında ózin hám klientin jeterli dárejede baqlap barıwı, hár bir emociyası, hár bir sózine itibarlı bolıwı, yeń áhmiyetlisi ózi klientiniń tásirine túsip qalmawı hám unamsız energiyanı qabıl yetpewi, kerisinshe klientti óz tásir sheńberine alıp barıwı, oǵan pozitiv keypiyat baǵıshıwı, keyingi sóylesiwge aldıngıǵa qaraǵanda ózine isenimi artqan halda keliwi hám jáne de óz ómiriniń jarqın momentlerinen úmit penen ózin tabıwǵa umtılıwdı baslaw kerek. Psixologiyalıq másláhát - bul quramalı, kóp qırlı hám ámeliyatqa baǵdarlanǵan jumıs bolıp, tek ǵana insannıń ruwxıy salamatlıǵın saqlap qalıwǵa emes, al onı rawajlandırıwǵa da xızmet etedi. Ol psixologiyanıń ǵárezsiz tarawi sipatında tereń ilimiy úyreniwdi, tájiriybe almasıwdı hám turaqlı jetilisiwdi talap etedi. Psixologiyalıq másláhát búgingi jámiyette insan salamatlıǵı, abadanlıǵı hám turaqlılıǵın támiyinlewde áhmietli orın ieleydi.

**REFERENCES**

1. Z.Nishanova,Sh.Asomuddinova "Psixologiyalıq másláhát"
2. Ózbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti Toshkent - 2010.
3. E.Ǵoziyev Uliwma psixologiya qánigeligi ushin oqiw.
4. qollanba. -kitap. -tashkent: "Universitet," 2002.
5. Abramova G.S. Amaliy psixologiya. – Toshkent: O‘qituvchi, 2005.
6. Bekmurodova N. Psixologik maslahat berish nazariyasi va amaliyoti. – Toshkent: O‘zbekiston, 2018.
7. Xolmatova D. Amaliy psixologiya asoslari. – Toshkent: TDPU, 2020.
8. Rogers C. Client-Centered Therapy. – Boston: Houghton Mifflin, 1951.
9. Corey G. Theory and Practice of Counseling and Psychotherapy. – USA: Cengage Learning, 2016.
10. Boyko V.V. Psixologik yordam ko‘rsatish metodikasi. – Moskva: Rech, 2004.
11. Dryden W., Neenan M. Counselling in Practice. – London: SAGE Publications, 2010.
12. O‘zbekiston Respublikasi “Psixologik xizmat to‘g‘risida”gi nizomi, 2022-yil.
13. Aldjanova G., Bekmuratova G. ÓSPIRIMLER XARAKTERINDE TOLERANTLIQTIŃ ORNI //Modern Science and Research. – 2025. – T. 4. – №. 5. – C. 39-42.
14. Aldjanova G., Yernazarova G. " MEN HÁM MENIŃ DENEM": DENESINE BOLǴAN QATNAS ÓSPIRIMNIŃ ÓZIN-ÓZI BAHALAW ÁHMIYETLI FAKTOR SIPATINDA //Modern Science and Research. – 2025. – T. 4. – №. 5. – C. 43-46.
15. Aldjanova G., Qosbawlieva Q. SOCIAL-PSYCHOLOGICAL TRAINING AS A WAY TO CHANGE PERSONAL AND BEHAVIORAL FEATURES //Modern Science and Research. – 2025. – T. 4. – №. 4.
16. Aldjanova G., Qosbawlieva Q. SOCIAL-PSYCHOLOGICAL TRAINING AS A WAY TO CHANGE PERSONAL AND BEHAVIORAL FEATURES //Modern Science and Research. – 2025. – T. 4. – №. 4.

ISSN:
2181-3906
2025

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 5 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

17. Aldjanova G. A. TYPES OF LEARNING ACTIVITIES IN THE CREDIT-MODULAR TRAINING SYSTEM //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 9. – С. 15-21.
18. Didenko I. A., Frantseva E. N. Features of interaction between preschool teachers and “special” children and their parents //Procedia-Social and Behavioral Sciences. – 2016. – Т. 233. – С. 459-462.
19. Aljanova G. A. Development of creative thinking in the process of learning in higher school. – 2021.
20. Aljanova G. A. Formation of Young Teacher Professionalism Through Mentoring //European Scholar Journal. – 2021. – Т. 2. – №. 11. – С. 128-130.
21. Альджанова Г. А. ЭФФЕКТИВНЫЕ ВОЗМОЖНОСТИ ПСИХОДИАГНОСТИКИ В ПОДГОТОВКЕ БУДУЩЕГО УЧИТЕЛЯ //Путь науки. – 2017. – №. 4. – С. 66-67.
22. Альджанова Г. ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ МӘДЕНИЯТ КОНЦЕПЦИЯСЫ НЕГИЗЛЕРИ //ВЕСТНИК КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО УНИВЕРСИТЕТА ИМЕНИ БЕРДАХА. – 2018. – Т. 38. – №. 1. – С. 53-56.
23. Альджанова Г. А. ЭФФЕКТИВНОСТЬ ЗНАКОВО-КОНТЕКСТНОЙ ТЕХНОЛОГИИ В ПОДГОТОВКЕ БУДУЩЕГО УЧИТЕЛЯ В ВЫСШИХ ОБРАЗОВАТЕЛЬНЫХ УЧРЕЖДЕНИЯХ //Актуальные проблемы гуманитарных и естественных наук. – 2018. – №. 11. – С. 89-92.
24. Альджанова Г. А. МОДЕЛЬ ФОРМИРОВАНИЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНЫХ КОМПЕТЕНЦИЙ БУДУЩИХ УЧИТЕЛЕЙ В УСЛОВИЯХ ПРОЕКТНО-КОНТЕКСТНОГО ОБУЧЕНИЯ